

Sunda - Agape Kitab Suci - God's Love Letter Scriptures

Yahya 15:9 “Kami teh nyaah ka maraneh, cara Ama nyaah ka Kami. Muga hirup maraneh sing tetep ngaub dina kanyaah Kami.

Jesaja 43:1 Demi ajeuna timbalan Pangeran, noe ngadamgl maneh, eh Jakoeb! noe ngadjadikeun maneh, eh Israil! njakijeu: "Oelah sijeun-sijeun, karaua maneh koe kami geus didjait; kami geus njaoer ka maneh, diseboet ngaran; maneh teh anoe kami.

Jermia 1:5 'Samemeh maneh koe kami didjadikeun di djero beuteung, maneh koe kami geus dipioeninga; djeung samemeh maneh ka loewar ti pianakan, maneh koe kami geus disoetjikeun; maneh koe kami ditangtoekeun pinabieun bangsa-bangsa.

Yahya 15:16 Lain maraneh anu milih Kami, tapi Kami anu geus milih maraneh. Lian ti eta, maraneh oge, — sakumaha dahan-dahan tea — ku Kami teh geus ditangtukeun kudu bral arindit, ngagelarkeun buah-buah sarta hasilna teh sing datang ka awet langgeng; supaya sagala panuhun maraneh ka Anjeunna, kalawan mawa ngaran Kami, bisa dikabul.

3 Yahya 1:2 Paneda simkuring, mugi saderek tetep sehat walafiat lahir batin.

Jesaja 43:4 'Sapedah maneh dipikaadjen koe pangrasa kami, djeung dihormat, sarta kami miasih ka maneh, noe matak kami njelehkeun manoesa, djadi gaganti maneh; nja njelehkeun bangsabangsa, djadi gaganti njawa maneh.

Jermia 31:3 'Pangeran nembougan ka kaeola ti noe djaoeh; [lahirna]: Kami asih ka maneh, nja asih langgeng pedah kitoe maneh koe kami geus ditarik koe kahemanan.

Hosea 11:8 Eh, Epraim! koemaha kami rek njelehkeun ka maneh? eh, Israil! koemaha kami rek njerahkeun ka maneh? koemaha kami rek ngadjadikeun ka maneh tjara ka Adma, ngadamel ka maneh saperti ka Seboim teja? Manah kami boelakbalik di djero kami, kahawatir kami ngentab sarejana.

Yahya 3:16 Sabab dunya teh, pohara nya diasihna ku Jehovah; nepi ka Putra Tunggal-Na oge dipasrahkeun, supaya sing saha anu percaya ka Anjeunna ulah nepi ka binasa; tapi sabalikna, bisa tinemu jeung hirup abadi.

Jesaja 49:15,16 'Koemaha ari awewe bisa mopohokeun ka orokna, datang ka ten welaseun ka anak beuteungna? Sanadjan eta datang ka mopohokeun, kami mah moal mopohokeun ka maneh.' 16 Masing njaho, maneh koe kami geus ditoelis dina doewa dampal panangan; koeta maneh salawasna aja di hareupeun kami.

Jesaja 41:13,14 'Karana kami, Pangeran, Jehovah maneh, noe njandak leungeun maueh katoehoe, bari nimbalan ka maneh: Oelah sijeun-sijeun; ijeu kami noe noeloeng ka maueh. 14 'Oelah sijeun-sijeun, eh Jakoeb, hileud lemboet! eh Israil, djalma leutik! ijeu kami noe noeloeng ka maneh, lahiran Pangeran; sarta noe ngadjait ka maneh uja Kasoetji Israil.

Mateus 28:20 Jaba ti eta, maranehna teh kudu diwurukan sina ngalampahkeun sagala rupa hal anu ku Kami geus diparentahkeun ka maraneh. Maraneh sing yakin, yen Kami teh terus ngareujeungan ka maraneh sapapanjangna, tepi ka ahir jaman.”

Yahya 14:1 “Maraneh teu kudu rentag hate. Sing tigin iman ka Jehovah sarta sing percaya ka Kami.

Jesaja 43:2 'Tijap-tijap maneh meuntas neroes tjai, tangtoe koe kami disarengan; ari nJORANG waloengan, moal lapoet ka maneh; tijap-tijap maneh leumpang nJORANG seuneu, moal toetoeng, sarta maneh koe hoeroeng moal kalentab-lentab atjan.

Djaboer 23:1-6 ljeu djaboer damelan Dawoed. Pangeran pangangon koering; moal koering kakoeraugan. 2 'Koering didepakeun dina pangangonan soegih djoekoet, diinoemkeun ka tjai kareureuhan. 3 Andjeunna niiskeun pikir koering, sarta koering ditoejoen dina djalan kabeneran, tina sabab padjenengan andjeunna. 4 'Sanadjan koering nJORANG lebak kalangkang maot oge, koering teu sijeun tjilaka; karanten andjeun noe njarengan ka koering; teteken andjeun sareng limboehan andjeun, nja eta noe ngalipoeran ka koering. 5 Andjeun natakeun medja di hareupeun koering, kasaksian koe moesoeh koering; sirah koering koe andjeun disina lokot koe minjak; loemoer koering leber. 6 'Saestoena kabagdjaan sareng kaasihan noe bade noetoerkeun ka koering saemoer-hiroep koering; sareng koering pimatoeheun di gedong Pangeran sapapandjangna.

Yahya 14:27 Maraneh ku Kami baris ditinggalan kakertaan: kakertaan Kami pribadi, anu sipatna beda tina kakertaan jieunan dunya. Jadi, maraneh henteu kudu rentag hate, henteu kudu kaleleban.

Pilipi 4:7 Dina kamanunggalan aranjeun jeung Isa Al Masih, tangtu sih kurnia-Na, — anu moal kahontal ku akal — baris nengtremkeun jiwa aranjeun.

Siloka Soeleman 3:24 'Tijap-tijap maneb keur ngedeng, moal kadatangan reuwas; sategesna maneb ngedeng tangtoe ngeunab sasarean.

Djaboer 4:9 Koering bade ngedeng sareng sasarean sakali kalawan salamet; karanten andjeun, Pangeran! maparin koering bisa ngenggon sorangan sareng senang ati.

Djaboer 33:18 Saenjana, sotja Pangeran ningalikeun ka noe sarijeun koe andjeunna, ka sakoer noe ngarep-ngarep kana kaasihanana;

Rum 5:2 Ku karena Anjeunna, urang anu iman meunang asup kana alam sih kurnia, alam hirup anu pinuh ku bagja sarta dipaparin harepan baris meunang kamulyaan ti Jehovah.

Jesaja 55:12 'Karana maraneh piboedaleun kalawan kaboengahan, sarta ditoejoen kalawan kasalametan; 'goenoeng-goenoeng djeung pasir-pasir bakal barerag senggak ti heulaeun maraneh, djeung sakabeh kakaian tegal bakal pada emprak-emprakan.

Yahya 16:22 Kitu oge maraneh. Ayeuna loba kasusah, engke mah hate

maraneh teh bungangang; suka bungah lantaran papanggih deui jeung Kami.

Lukas 12:9 Sabab waktu eta keneh oge, Ruh Jehovah tangtu mere piomongeun.”

Mateus 10:30 Malah buuk dina sirah maraneh oge geus kaitung jumblahna.

Jesaja 54:10 'Karana goenoeng-goenoeng bakal njalingkir, djeung pasir-pasir bakal arojag; demi kaasihan kami mah moal njingkir ti maneh, sarta perdjangdjan kasalametan kami moal ojag, timbalan Pangeran, noe miwelas ka maneh.

Mateus 11:28-30 Hiap ka dieu ka Kami, sakur nu mopo sarta kalempohan jeung nu loba kabeuburat, ku Kami maraneh rek sina reureuh. 29 Geura pake, — ku maraneh — ieu pasangan Kami; jaba ti eta, seug, guguru oge ka Kami, — sabab Kami mah lemah lembut tur rendah hate — supaya batin maraneh manggih katengtreman. 30 Sabab pasangan ti Kami mah, genah jeung momotanana ge hampang.”

Makoeta Poepoedjian, dame'lan Soeleman 2:10 'Pok kageugeut kaoela ngalahir, kijeu lahirna ka kaoela: Geura indit, njai, kameumeut kami, doenoengan kami!

Hosea 2:14,19,20 'Djeung kami ka manehanana rek maparinkeun kebonna anggoer ti semet dinja, kitoe deui lebak Akor teja minangka lawang pangarepngarep; sarta di dinja manehanana pingawiheun, tjara keur mangsana boedak, djeung saperti keur basana indit ti tanah Mesir teja. 19 'Nja maneh dipigarwa teh kalawan satoehoe; sarta maneh tangtue nganjahokeun ka Pangeran. 20 'Ari geus kitoe, dina mangsa eta, kami tangtue ngaboelkeun, soer lahiran Pangeran; nja kami ngaboelkeun langit, djeung langit ngaboelkeun langit,

Kadoewa ti Moesa 3:14 'Ari timbalan Jehovah ka Moesa: Kami bakal djoemeneng SAKOEMAHA KAMI NJA BAKAL DJOEMENENG. Timbalanana deui: Koedoe kijeu nja mitjatoer ka oerang Israil: Kami bakal djoemeneng anoe miwarang kaoela ka maraneh.

Hosea 13:4 'Demi kami teja Pangeran, Jehovah maneh ti semet tanah Mesir; sarta maneh teu njaho deui Jehovah djaba ti kami, djeung taja Djoeroe-salamat salijan ti kami.

Yahya 15:14 Maraneh teh sobat Kami, asal iklas ngalakonan parentah-parentah Kami.

Wahyu 3:20 Ieu Kami ngetrokan. Ka anu ngadenge tur daek mukakeun panto, Kami seja asup baris dahar bareng didinya.